

## PANGAJARAN MASYARAKAT INDUSTRI

### A. MACA

#### Tujuan:

1. Siswa mampu membaca dan memahami isi bacaan serta mampu mengkomunikasikannya secara lisan maupun tertulis.

*Baca wacana eksposisi ieu di handap!*

## MASARAKAT INDUSTRI

Budaya manusa ayeuna ditandaan ku kamekaran élmu jeung téhnologi. Élmu jeung téhnologi anu tuluy-tumuluy diarulik, laun-laun mindahkeun kabiasaan manusa ngolah barang tina cara nu *tradisional*kana cara nu *modérn* (industri).

Prosés parobahan masarakat loba nu pindah pacabakan tina kabiasaan ngolah barang cara tradisional kana cara nu modérn dikasangtukangan faktor *intrinsik* jeung *ékstrinsik*.

Faktor intrinsik nya éta faktor kasadaran nu datang ti diri manusa. Manusa sadar hirup téh réa kabutuh. Pikeun ngungkulana, nya manusa ngolah barang ku cara nu modérn, saperti *home industry sapatu*.

Faktor ékstrinsik nya éta dorongan ti luareun diri manusa, kayaning kaayaan alam, kamajuan bangsa deungeun, jeung dorongan ti pamaréntah.

Faktor ékstrinsik nu datangna tina kaayaan alam, upamana kalapa di nagara urang ngaleuya, nyumangétan ka urang pikeun ngolah kalapa ku cara nu *praktis*. Pikeun ngungkulana, manusa ngagunakeun téhnik modérn cara nyieun kopra jeung ngolah kopra ku mesin, nepi ka jadi industri pangan minyak goréng.

Faktor ékstrinsik nu datang tina kamajuan bangsa deungeunm, upamana urang kabita hayang bisa nyieun kapal modél bangsa deungeun. Pikeun ngungkulana urang ngulik élmuna. Sanggeus élmuna kakawasa digunakeun dina industri kapal, saperti nu geus dilaksanakeun ku IPTN (Industri Pesawat Terbang Nusantara).

Faktor ékstrinsik nu datangna ti pamaréntah biasana leuwih kuat, leuwih jembar, jeung leuwih gambar nyabar. Upamana, cara ngaronjatkeun kualitas pendidikan, cara nyebareun *ipték* (*ilmu pengétahuan dan teknologi*) ngaliwatan pendidikan, cara mngamekarkeun *ipték* ku rupa-rupa panalungtikan, jeunn g cara ngamangpaatkeun *ipték* dina rupa-rupa kagiatan pangwanganan.

Ipték ku pamaréntah disebarkeun ka masarakat sangkan dikawasa jeung dipaké ngaréngsékeun masalah pangwanganan. Ieu hal téh luyu jeung harepan u natrat dina GBHN, masyarakat Indonésia diperedih maju, mampuh hirup mandiri, jeung sejahtera.

Masyarakat pangawéruh (*knowledge society*) téh masyarakat *pascaindustri*. Dina lebah dieu élmu pangawéruh téorétis nyekel peran penting dina *inovasi* téhnologi jeung nangtukeun kawijaksanaan, ngungkulana masalah ékonomi jeung rupa-rupa *rékayasa sosial* (Bell, 1973).

Masyarakat Indonésia loba nu ngarti jeung ngawasa *ipték*. Ieu kaayaan sacara teu langsung ngagirung jeung nguatan léngkah masyarakat Indonésia pikeun parindh kabiasaan tina ngolah barang cara tradisional kana cara nu modérn (industri).

### B. NYARITA

#### Tujuan:

13. Siswa mampu mengungkapkan perasaan, keinginan, gagsan, pendapat, dan pengalaman secar alisan maupun tertulis.

## 1. *Ngajawab Patalékan*

**Pilih jawaban ku cara nyebutkeun aksara panuduh jawaban nu bener!**

1. Dina wacana “Masarakat Industri” disebutkeun nu mindahkeun kabiasaan manusa ngolah barang tina cara nu tradisional kana cara nu modérn téh nya éta ...
  - A. élmu jeung téhnologi
  - B. masarakat Indonésia
  - C. home industry
  - D. lingkungan alam
2. Conto faktor ékstrinsik nu datangna tina kaayaan alam nu mangaruhan kana ngagunakeun téhnologi modérn
  - A. wajib diajar
  - B. pendidikan dasar
  - C. hasil tatanén
  - D. alih téhnologi
3. Faktor ékstrinsik nu datang tina kamajuan bangsa deungeun, upamana
  - A. buah kalapa jeung buah cengkéh hasilna nyugemakéun patani.
  - B. kasadaran ngala élmu geus ngancik di unggal jalma.
  - C. téhnologi modérn ngarojong pangwanganan bangsa.
  - D. urang hayang nyieun kapal modél bangsa deungeun.

### **Jawab ieu soal**

4. Ipték ku pamaréntah disebarkeun ka masarakat sangkan dikawasa jeung dipaké ngaréngsékeun masalah ...
5. Dina wacana “Masarakat Industri” naon nu nyekel peran penting dina inovasi téhnologi, dina nangtukeun kawijaksanaan?

## 2. *Ngajéntrékeun nu Nuduhkeun Pola Pamekaran ti nu Umum ka nu Husus*

Dina wacana “Masarakat Industri” aya pola kalimah kieu.

Faktor ékstrinsik nya éta dorongan ti luareun diri manusa, kayaning kaayaan alam, kamajuan bangsa deungeun, jeung dorongan ti pamaréntah.

Pola pamakéran nu dipaké dina kalimah bieu nya éta pola pamekaran ti nu umum (*deduktif*) ka nu husus (*induktif*).

Mana nu disebut pola pamarékan umum téh?

Jawabna:

*Faktor ékstrinsik nya éta dorongan ti luaren diri manusa.*

Pangna disebut pola pamarékan umum téh pédaħ keterangan nu umum, nu leuwih gedé, nu leuwih lega, nu leuwih jembar. Pola pamarékan umum téh biasana mangrupa keterangan umum/wangenan/teori/rumus.

Ari kitu mana nu disebut pola pamarékan husus dina kalmah bieu?

Jawabna:

*kaayaan alam, kamajuan bangsa deungeun, jeung dorongan ti pamaréntah.*

Pangna disebut pola pamarékan husus téh pedah conto-conto, leuwih heureut, leuwih leutik ambahana atan wangenan. Pola pamarékan husus téh biasana mangrupa conto-conto.

Jadi,. Pola pamarékan umum (deduktif) mah dimimitian ku keterangan umum/wangenan/teori/rumus dituturkeun ku conto-conto. Ari pola pamarékan husus (induktif) mah dimimitian ku conto-conto atawa kasus-kasus dituturkeun ku keterangan umum/wangenan/teori/rumus.

### **Jawab ieu soal**

Sebutkeun pola pamarékan umum atawa pola pamarékan husus ieu kalimah!

1. Faktor instriksik nya éta faktor kasadaran nu datang ti diri manusa. Manusa sadar hirup téh réa kabutuh. Pikeun ngungkulana, nya manusa ngolah barang ku cara nu modérn, saperti *home industry sepatu*.
2. Faktor ékstrinsik nu datangna tina kaayaan alam, upamana kalapa di nagara urang ngaleuya, nyumangétan ka urang pikeun ngolah kalapa ku cara praktis.
3. Faktor ékstrinsik nu datang tina kamajuan bangsa deungeun, upamana urang kabita hayang bisa nyieun kapal modél bangsa deungeun.
4. Cara ngaronjatkeun kualitas pendidikan, cara nyebardeun *ipték (ilmu pengétahuan dan teknologi)* ngaliwatan pendidikan, cara mgamekarkeun ipték ku rupa-rupa panalungtikan, jeunng cara ngamangpaatkeun ipték dina rupa-rupa kgiatan pangwanganan. Han nu modél kitu kaasup kana conto faktor ékstrinsik nu datangna ti pamaréntah.
5. Masarakat Indonésia loba nu ngarti jeung ngawasa ipték. Ieu kaayaan sacara teu langsung ngagirung jeung nguatan léngkah masarakat Indonésia pikeun parindh kabiasaan tina ngolah barang cara tradisional kana cara nu modérn (industri).

### **3. Ngedalkeun Maksud Eusi Bacaan**

Wacana “Masarakat Industri” aya sapuluh paragraf. Unggal paragraf ngandung hiji idé pokok atawa hiji pikiran utama.

Dina ieu pangajaran urang diajar ngedalkeun atawa nyaritakeun maksud eusi bacaan “Masarakat Industri”. Carana, urang kudu néangan idé pokok tina unggal paragraf. Upama geus kapanggih idé pokokna, urang bakal leuwih gampang nyaritakeunana.

### **Pilih jawaban ku cara nyakra aksara panuduh jawaban nu bener!**

1. Prosés parobahan masarakat loba nu pindah pacabakan tina kabiasaan ngolah barang cara tradisional kana cara nu modérn dikasangtukangan faktor *intrinsik* jeung *ékstrinsik*.  
Naon ide pokok paragraf bieu?
  - A. Faktor instriksik jeung ékstrinsik
  - B. Cara tradisional jeung cara modérn
  - C. Kasang tukang prosés parobahan masarakat
  - D. Masarakat pindah pacabakan
2. Faktor intrinsik nya éta faktor kasadaran nu datang ti diri manusa. Manusa sadar hirup téh réa kabutuh. Pikeun ngungkulana, nya manusa ngolah barang ku cara nu modérn, saperti *home industry sapatu*.

- Naon eusi paragraf bieu?
- A. Faktor instriksik
  - B. Kasadaran manusa
  - C. Barang modérn
  - D. Industri sapatu
3. Faktor ékstrinsik nya éta dorongan ti luareun diri manusa, kayaan kaayaan alam, kamajuan bangsa deungeun, jeung dorongan ti pamaréntah.
- Nanon eusi paragraf bieu?
- A. Faktor ékstrinsik
  - B. Dorongan manusa
  - C. Kaayaan alam
  - D. Dorongan pamaréntah

### Jawab ieu soal!

4. *Faktor ékstrinsik nu datangna tina **kaayaan alam**, upamana kalapa di nagara urang ngaleuya, nyumangétan ka urang pikeun ngolah kalapa ku cara nu praktis. Pikeun ngungkulana, manusa ngagunakeun téhnik modérn cara nyieun kopra jeung ngolah kopra ku mesin, nepi ka jadi industri pangan minyak goréng.*  
Paragraf di luhur ngandung conto naon?
5. *Faktor ékstrinsik nu datang tina **kamajuan bangsa** deungeunm, upamana urang kabita hayang bisa nyieun kapal modél bangsa deungeun. Pikeun ngungkulana urang ngulik élmuna. Sanggeus élmuna kakawasa digunakeun dina industri kapal, saperti nu geus dilaksanakeun ku IPTN (Industri Pesawat Terbang Nusantara).*  
Paragraf di luhur ngandung conto naon?

## C. **NULIS**

### Tujuan:

5. Siswa mampu memahami dan menggunakan kata-kata umum, kata-kata khusus, dan istilah dalam kalimat.

#### a. Istilah Industri

Dina wacana “Masarakat Idustri” aya istilah industri, saperti *home industry* (industri rumah tangga), inovasi téhnologi (*pembaharuan teknologi*), *rékayasa* (ngalarapkeun kaédañ ilmu dina ngalaksanakeun hiji hal). Lian ti istilah nu bieu, ieu aya sawatara istilah industri tur dilengkepan ku hartina tina kamus.

Industrialis = pengusaha industri = jalma nu ngusahakeun industri

Industrialisasi = usaha ngaronjatkeun industri di hiji nagara.

Industri dasar = industri nu ngolah barang-barang modal, saperti mesin

Industri barat = industri nu sakumna ngagunakeun tanaga mesin ukuran gedé

Industri jasa = industri di widang jasa (hotél, perjalanan wisata)

Industri konstruksi = industri nu patali jeung rancang bangun (bangunan gedong)

Industri otomotif = industri nu ngahasilkeun barang nu ngagunakeun motor, mobil

Industri pariwisata = usaha di widang pariwisata (hotél, restoran)

Industri pedesaan = usaha ngolah barang-barang saperti karajinan tangan

Industri pelopor/perintis = industri nu jadi babit buit munculna industri-industri séjén  
Industri ringan = usaha nyieun barang nu bahanna tina kertas, kai, hoé (lain tina beusi/waja)

### b. Istilah arsitéktur

*Budaya manusa ayeuna ditandaan ku kamekaran élmu jeung téhnologi.* Kitu salahsahiji kalimah dina wacana “Masarakat Industri”. Élmu jeung téhnologi ngawéngku élmu ngarancang bangun. Élmu ngarancang jeung seno konstruksi bangunan disebut *arsitéktur*. Istilah arsitéktur téh loba pisan. Ieu di handap ditulis sawatara contona.

- Bangbarung = kai atawa awi antara tihang di handap  
*Mang Asmidin calik dina bangbarung bari nangkeup tuur.  
Ulah diuk dina bangbarung bisi nongtot jodo!*
- Bapang = potongan imah teu maké juré atawa potongan halte.  
*Imah bapang mah kentengna ngan beulah kénca jeung katuhueun suhunan*
- Golodog = tangga paranti turun ti atawa unggah ka imah panggung.  
*Unggah jeung turun di imah panggung mah nincak golodog.*
- Imah panggung = imah nu maké kolong  
*Handapeun imah panggung sok dipaké panyumputan hayam.*
- Julang ngapak = bangun suhunan imah siga jangjang julang keur ngapak  
*Bangunan kampus Unpas aya nu julang ngapak*
- Lalangit = bilik para beulah handap  
*Lalangit imah téh ayeuna mah loba nu ku triplék*
- Lonéng = tangan-tangan wangunan jambatan tina beusi atawa témbok  
*Gunana lonéng lian ti jadi pamageuh téh ogé jadi pager.*
- Palang dada = galar, kai malang antara dua tihang nu luhurna sajangkung dada  
*Palang dada sok aya nu dipaké barang teundeun.*
- Rawayan = sarupa cukang siga jambatan gantung  
*Pameuntasan dina walungan gedé aya nu ngagunakeun rawayan, dijieunna tina awi.*
- Suhunan = hateup bagian imah pangluhurna  
*Bahan suhunan imah aya nu tina wuwung, séng, atawa injuk.*

**Jawab ieu soal ku cara nyakra aksara panuduh jawab!**

1. Industri nu patali jeung rancang bangun
  - A. industri berat
  - B. industri dasar
  - C. industri jasa
  - D. industri konstruksi

2. Nu kaasup industri widang pariwisata
  - A. barang karajinan tangan
  - B. kerétas, kai, jeung hoé
  - C. hotel jeung restoral
  - D. jasa perjalanan wisata
3. Nu keur bingung diuk dina **bangbarung** bari nangkeup tuur.  
 Kecap *bangbarung* ngandung harti
  - A. potongan imah teu maké juré atawa potongan halte
  - B. kai atawa awi antara tihang panto di handap
  - C. tangga paranti turun ti atawa unggah ka imah panggung
  - D. imah nu mak kolong**

#### Jawab ieu soal !

4. Industri nu jadi bibit-buit munculna industri-industri séjén disebut industri ...
5. Di Baduy aya ngaran kampung **Rawayan**.  
 Rawayan hartina ...

#### D. MACA

##### Tujuan:

1. Siswa mampu membaca dan memahami isi bacaan serta mampu mengkomunikasikannya secara lisan maupun tertulis.

*Macarita Pondok*

#### KASEUIT

“Saé pisan pamaréntah ngalebetkeun industri dina GBHN.” Puad mancing Mang Pédéd tukang kopi, sangkannuluykeun deui obrolan nu can tuntas dina poé-poé ka tukang.

“Majéng industri di nagara urang téh nya Jang!” Mang Pédéd nampa omongan Puad bari mésem.

“Nyanggut deui pancing téh,” ceuk Puad milu mésem.

“Wah, kopi patepung jeung lekohna, pinimateun!” Oji nu kabenerena aya di dinya ngagoongan.

Kituna mah enya lamun éta dua jalma geus ngobrol, nu lian gé sok katarik resep. Resep loba pulunganeunana. Kawantu Puad kutu buku, Mang Pédéd katelah tukang ngalalab koran.

“Industri majéng tangtos arus masarakat ogé kana industri tambih nyogsrog,” sambung Puad.

“Leres Jang Ad.” Mang Pédéd ngaenyakeun omongan Puad bari mangnyieunkeun kopi susu.

Sakedapan simp sabada inumeun diasongkeun ka Puad, pok deui Mang Pédéd nyarita, “Waktos emang alit mah industri téh teu patos seueur. Seueur sotéh saparantos aya PELITA (pembangunan lima tahun). Taaah, nembé masarakat katawis nyoso.”

“Rupina kahartosen untungna ngolah barang ngagunakeun indutri téh, sarengna deui panginten pangaruh pendidikan nu tambih dieu, tamih mekar, “ ceuk Puad ngembohan omongan Mang Pédéd.

“Tiasa janten kitu, dan leres atuh kiat pangaruh pendidikan téh. Kaleresan nu hirupna ka palih dieu mah, sanes kanten nyampak. Jaman emang ngora mah sesah hoyong neriskeun sakola gé.” Mang Pédéd ngadak-ngadak rada alum.,

Ningali Mang Pédéd rada alum, Oji geuwat mindahkeun obrolan kana heureuy. “Sadunya, sigana ngan kuring nu pangsenangna téh, unggal poé tumpak munding bari nyuling.”

“Eléh ku bapa kuring mah, Pa Habibie bentang industri jalan-jalan di awang-awang,” ceuk Puad ngalayanan heureuy Oji.

Heureuy Puad jeung Oji lain matak bungah, malah Malik nyeulit nyereset peurih kana batin Mang Pédéd.

“Leres Jang, nu élmuna jembar mah tiasa ngapak di awang-awang, tiasa ngajait nu alit, tiasa masihan jalan kahirupan ka nu sanés,” ceuk Mang Pédéd semu dereuda.

Mang Pédéd teu kebat nyarita kaselang ku neureuy ciduh nu semu seuseut. Puad jeung Oji, sakémek ogé euweuh nu wani nyelang omonganana. Sajongjonan mah kaayaan jempling. Puad ngelus-ngelus tarang bari nyaliksik obrolan ti mimiki, néangan marga lantaran Mang Pédéd robah jadi alum. Teg puad inget kana caritaan Mang Pédéd nu geus lawas. Inyana kungsi nyaritakeun perkara cita-citana nu peuggas. Hayang nyandang gelar insinyur, jeung hayang nyieun industri kapal perang.

“Cobi upami tina hiji industri ngagunakeun 5000 tanaga jalma, manaha seueurna sareng manaha baringaheunana nu kapaparin jalan kahirupan. Bagja nu pangawéruhna luhur sareng tiasa ngamangpaatkeunana.” Mang Pédéd pleung deui nunda omongan diganti ku ngahuleng. Riuk beungeutna beuki alum. Oji jeung Puad pating haruleng kabawakeun.

Puad ngarasa dosa, ngahelas ningali Mang Pédéd nu keur nahan peurih.

Mang Pédéd téh otakna cerdas, luhur cita-citana, peuggas peurih, pantes rék sedih gé. Puad ngangres. Ras kana perjoangan manéhna anu masih kénéh jauk lalakon. Timbul kapaur cita-cita sorangan teu kahontal meureun pikituen. Enya, kudu mangpang-meungpeung diajar téh, mangkaning luhur cita-cita téh hayang jadi penerus Pa Habibie.” Beuki ditimbang kana diri sorangan, beuki milu peurih kana nasib Mang Pédéd.

Sabot ting haruleng, ti kajauhan kadéngé hawar-hawar sora nu ngaji. Puad asa digeuingkeun jeung asa dibéré jalan picaritaeun pikeun mépés kasedih Mang Pédéd sangkan teu katutuluyan.

“Mang, teu karaos geuning waktos téh dianggo ngobrol mah nyérélék, dinten Jumaah ieu téh,” ceuk Puad rintih naker.

“Aéh, muhun nya Jang, kajongjonan urang ngobrol téh. Mangga atuh badé marulih mah, da emang gé sami badé beberesih heula,” tembal Mang Pédéd surti ka nu rék pamit.

Oji jeung Puad undur ti éta tempat sanggeus réngse babayar.

## E. NYARITA

### Tujuan:

9. Siswa mampu memperoleh kenikmatan dan manfaat dari membaca dan mendengarkan karya sastra.

*Nyartitakeun Konflik Carita, sarta Neangan Ajén-inajén di jero Carita*

Carita pondok “Kaseuit” ngandung konflik. Konflik nya éta pacekcokan (pertentangan) antara dua kakuatan dina hiji carita, boh dina carita rékaan (carita poindok, carita nyamung, novel, dongéng, wawacan, jste.), boh dina sandiwara/drama jeung gending karesmen. Konflik bisa kajadian dina diri hiji tokoh, bisa kajadian di antara dua tokoh, bisa kajadian di antara hiji tokoh jeung sababaraha tokoh, jste.

Carpon “Kaseuit” lian ti ngandung konflik ogé ngandung ajén-inajén (nilai-nilai) nu aya dina unsur-unsurna, saperti dina unsur téma, palaku, jalan carita (galur, alur/plot) latar (tempat jeung waktu), jeung amanat.

Hal nu ku urang kudu dicaritakeun dina ieu pangajaran nya éta perkara téma, palaku, galur, latar, amanat, jeung konflik nu aya dina carita pondok “Kaseuit”.

### **Jawab ieu soal!**

1. naon téma carpon “Kaseuit?”
2. Saha baé palaku carpon “Kaseuit?
3. Kumaha jalan carita carpon “Kaseuit?
4. Naon amanat nu ditepikeun dina carpon “Kaseuit?
5. Aya konflik naon dina carpon “Kaseuit?

### **F. NULIS**

#### **Tujuan:**

13. Siswa mampu mengungkapkan perasaan, keinginan, gagasan, pendapat, dan pengalaman secara lisan maupun tertulis.

#### *Nulis Hiji Carita nu Bahanna tina Pangalaman Sapopoé*

Dina ieu pangajaran urang kudu nulis carita. Éta carita téh kudu ditulis dina wangun prosa (*lancaran*), lain dina wangun *puisi* (*sajak*) atawa lain wangun drama.

Bahan carita hal-hal nu kaalaman ku urang sapopoé. Upamana kaayaan masarakat, kaayaan ékonomi, kaayaan lingkungan, kaayaan pendidikan, kaayaan jalma atawa pangaruh industri séjénna. Kaayaan bieu téh bisa suasana bungah/kasenangan, suasana susah/kacilakaan, atawa dua kaayaan nu béda nu nyababkeun timbuyl konflik. Mungkin urang ngadenge, nyaksian, ngarandapan kaayaan masarakat pangruh industri. Lamun téa mah urang teu boga pangalaman model kitu, urang bisa nyieun carita rékaanna (fiksi, pangalaman imajinatif, hayalan) nu nyaritakeun pangaruh industri atawa hal-ihwal nu patali jeung industri.

### **Jawab ieu soal**

Susun hiji carita pondok judulna bebas. Eusina kudu ngandung téma, palaku, jalan carita, amanat, jeung konflik.